

## PIBLIKASYON NOU RESEVWA



Tèks annapre a, se **Schiller Marcelin** ki ekri-li, an Mas 2010; li rele Soup Joumou. Tèks sa-a, fè pati “Extra Fatal”, yon CD Schiller Marcelin fenk paret an Desanm 2010 nan Miyami. Soup Joumou plase an wityem pozisyon nan CD-a. Jan Mapou te pibliye tèks sa a nan Ti Gout Pa Ti Gout nan kòmansman mwa janvye a, REKA reprann li sou sit li a dekwa pou plis moun ka pran plezi nan soup joumou an annatandan kritik nou sou tout CD a.

Nou ka kontakte Schiller Marcelin nan: [smartsaylee@yahoo.com](mailto:smartsaylee@yahoo.com)  
oswa nan PO Box 611341  
Miami FL 33261-1341  
oubyen nan pòtab: 786-366-9142

Ajan distribitè CD a se: MAXISOUND nan telefòn 305-895-8006

### SOUP JOUMOU

(Tèks Schiller Marcelin)

Premye janvye, nou bwè soup joumou  
Se sa n' fe byen klè pou-n di LeklèChal  
E ak bofrè-l la, kounye-a, se kou pa nou  
Oumenm la-a, ou dwe konnen poukisa  
Manje sila-a, pa sèlman anvi pou saliv  
Soup sa-a gen yon mesaj sekrè andaki  
Mwen vin dekode-l pou ou pakanpak  
Se avèk joumon nou fè soup joumou  
Pou l' tou jòn, koulè viktwa avèk lajwa  
Jòn, pou n' sonje lafyèv jòn te ede-n tou  
Lanati te avèk nou.

Non, pa gen soup joumou san joumou  
Ou ka fè soup jòn ak poud kolonbokiri  
Men san jiwomoun, se pa soup joumou  
Konsa tou, pa gen Ayisyen san Ayiti  
Manje s'on foksesa ki fè manm plonbe  
Men tou, ay! lè n' ap voye kiyè monte  
Se monte n'ap monte nan listwa alanvè  
Ou pa ka fe soup joudlan nenpòt jan

Gen kondiman ou bezwen ki enpotan  
Rale solèy-la, mete-l anba chodyè-w  
Fòk gen jomou!

Pou bèl soup jomou endepandans-lan  
Ou bezwen bon vyann animal san vlen  
Chode, tranpe davans byen asezonnen  
Ak sitwon, zorany si, epis sèl, ten e lay  
Se vyann piwoksidal sa-a k'ap sove-w  
Ak rès bwakochon yeswa-a, lyann tranpe  
Ki kite-w anmalmakak, maltèt e kèplen  
Si w se moùn èbivò ki manje kou lapen  
Eke ou twouve manjevyann se kanibalis  
Enben, pa mete ni frize, ni kochon peyi  
M'te met mete vyann?

Pou kokennchenn soup jomou inite-a  
Nou bezwen seleri; ou bezwen zonyon  
Li fè nou kriye, lè nou koupe-l anwon  
Nou plere pa fòs pou n wè tray kalinda  
Nou kriye bon dlo denkou, toutbonvre  
Lzonyon gen yon pwa senbolik ki peze  
Ki raple-n fiyèt lalo, konkistadò kolon  
Ak sant zonyon nan bouch, anba bra-yo  
Ki te debake sou te vyèj, rivaj santibon  
Bèl peyi sa-a, peyi mòn dèyè mòn, dlo.  
Fò gen zonyon!

Pou bòl soup jomou angran Desalin-nan  
Nou bezwen ponmdetè; ou bezwen lozèy  
Yon ti branch sifi pou l' awome soupyè  
San lozèy, odè nouvèlan soup-la ap fèmank  
Ti fèy sa-a, arebo-l fè tidan-tidan, dantè l  
Ki vin ba-w yon fòm goyin, prent dantle  
Chak fwa je-w tonbe nan soup lozèy rache  
Rale enfo k' ap kabicha sou 2 zorèy lontan  
Nan bwat tiwa memwa-w, rale-l, w a sonje,  
Avèk esklav, kolon blan pa t' nan griyen dan  
Fò gen lozèy!

Pou chodyè makawon soup jomou libète-a  
Nou bezwen makawoni, ou bezwen kawòt  
Pafwa kawòt gen tigrenn bab ra, dous, mòl  
Youn baryè boutèy, lòt la jous Lakou Breda  
Retinòl Kawòt ka fè moùn wè byen leswa  
Tousen Louveti, swav, te tèt koupe a kawòt

Se t'on gason fen, je klere ki te wè lit-la klè  
Menmlè tout wout-la, san lalin, se te tenèb,  
Li amoli blan ak djòl dous eklere, chankre  
Ke menm nan solèy midi, blan-an pa ka we.  
Fò gen kawòt!

Pou bèl soupyè soup joumou fratènite-a  
Ou bezwen navè, ou bezwen powo koulonng  
Wi, powo ou eskalyonn ki soti *Ashkelon*  
Lakay Filisten Kanaan kolon te tyaktyak  
Lè-n wè powo-a, yon fèy epè, won, kou rèd  
K'ap layite; fè yon laplanch mediteraneyen  
Nan soup-la, pou l' benyen, n' a va raple-n  
Se sèl kab ki lye Ayisyen ak Filisten, powo  
N'a sonje 2 pèp sa yo pase anba kout javlo  
Kal bato, zago kolon nan pelerinay kwaze  
Fò gen powo!

Pou bòl Kristal joumou sitwouy egalite-a  
Nou bezwen pèsi; ou byen bezwen chou  
Lè n' kenbe, nan pla men-n, yon chou lou  
Won, tankou boul kanno nevyem brigad  
Ak gwo fèy pwès rèd vlope youn sou lòt  
Sa dwe raple-w gwo batay Krèt-Apyewo  
Kote brav-yo tire katafal boul kanno cho  
Boulèt chou kanno fatal, anfè ou anwoch  
Pou n' di, si w ka desann, lamitye desann  
Men, w ap jwenn yon vil anfe-e-ansann.

Bonnapeti! (Blowww: son de canon tire).